**दिन–शनिवार** **दिनांक–05.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां जनौलनि अछि जे वक्फ संपत्ति सँ गरीब, जरूरतमंद आओर जनहित लेल काज होयबाक चाही। आइ पटना मे एक कार्यक्रमक बाद संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे वक्फ बोर्ड मे बेसी पहिने सँ हि सुधारक जरूरत छल आओर वक्फ संशोधन विधेयक एहि लेल एक बढिया डेग अछि।

---

लोक जनशक्ति पार्टी , रामविलासक अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि अछि जे हुनक पार्टी सदिखन समर्पण भाव सँ सामाजिक न्यायक लड़ाई लड़ल अछि। वक्फ बिलक समर्थन करबाक कारण पार्टी कार्यकर्ताक नाराजगी पर ओ जनौलनि जे ओ रामविलास पासवान विचारधारा के आगू बढ़ा रहल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री पासवान जनौलनि जे हुनक पार्टी विधेयकक समर्थन करबा सँ पहिने हरेक बिन्दु पर विचार–विमर्श कयने छल।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे जौं बिहार मे हुनक सरकार बनैत अछि तऽ राज्य मे संशोधित वक्फ कानून के लागू नहि होमय देल जायत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ विधेयक के असंवैधानिक जनबैत जनौलनि जे हुनक पार्टी बिलक खिलाफ सुप्रीम कोर्ट जाओत।

---

भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन वक्फ संशोधन विधेयक के लऽकऽ विपक्षी दल पर देशक मुसलमान के भरमेबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ समस्तीपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई बिल वक्फ संपत्तिक बढ़िया प्रबंधन सँ जुड़ल अछि, जाहि सँ हासियाक मुसलमान सभ के लाभ भेटत। श्री हुसैन जनौलनि जे बिलक

समर्थन करबाक कारण हुनका मोबाईल फोन आओर सोशल मीडियाक माध्यमे जान सँ मारबाक धमकी भेट रहल छनि।

————————————————————

उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे राज्य मे शीघ्रहिं तीन सय पचास नव डिग्री कॉलेज खोलल जाएत। आइ पटना मे एक कार्यक्रमक बीच ओ जनौलनि जे सरकारक लक्ष्य बढ़िया उच्च शिक्षा देबाक अछि। ओ जनौलनि जे ई सभ महाविद्यालयक स्थापना सँ छात्र सभ के पढ़ाई लेल बाहर नहि जाय परतनि। श्री चौधरी जनौलनि जे राज्य मे आधारभूत संरचनाक` विकास पर सदिखन काज भऽ रहल अछि। राज्य मे दस नव एयरपोर्ट बनाओल जायत। जाहि मे सँ सातक स्वीकृति केंद्र सरकार सँ भेट गेल अछि।

————————————————————

पूर्व उप प्रधानमंत्री जगजीवन राम आओर मौर्यवंशक पैघ शासक सम्राट अशोक के आइ हनुक जयंती पर श्रद्धापूर्वक याद कयल गेल। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बाबू जगजीवन राम के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे वंछित आओर शोषित सभक अधिकार लेल बाबू जगजीवन रामक जिनगीभरि संघर्ष सदिखन प्रेरणाक स्त्रोत बनल रहत। पटना मे भेल राजकीय समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित राज्य कैबिनेटक कतेको सदस्य सभ जगजीवन राम आओर सम्राट अशोकक प्रतिमा पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

————————————————————

केन्द्र सरकार पछिला बरख प्राकृतिक आपदाक सोंझा कऽ रहल बिहार सहित चारि राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेश के एक हजार दू सय अस्सी करोड़ टाका सँ बेसीक सहायता स्वीकृत कयलक अछि। गृह मंत्रालय एक बयान मे जनौलक अछि जे सरकार आपदाक बाद ई सभ राज्य मे मंत्रालय स्तरक केन्द्रीय टीम पठौने छल। मंत्रालय जनौलक अछि जे दू हजार चौबीस–पचीस मे अट्ठाइस राज्य के राज्य आपदा प्रतिक्रिया कोष सँ बीस हजार दू सय चौंसठ करोड़ टाका सँ बेसी देलक अछि।

————————————————————

चैत नवरात्रक आठम दिन आइ देवी दुर्गाक महागौरी स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे महागौरी स्वरूपक आराधना सँ भक्त लोकनि के

सुख–सौभाग्यक संग सभ मनोकामना पूरा होयत अछि। माँक ई स्वरूप अभय, रूप आओर सौंदर्य देबयवला होयत अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे मंदिर आओर शक्तिपीठ सभ मे महा –अष्टमिक पूजा–अर्चना लेल भोरे सँ भक्त सभक भारी भीड़ लागल अछि। चहुँदिस श्रद्धा आओर उत्साह देखल जा रहल अछि।

———————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ सात अप्रैल सँ राज्यक कतेको क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि। राज्यक उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे पश्चिमी विक्षोभक असरि बेसी रहत। एहि बीच हवाक गति झोंकाक संग चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटा रहि सकैत अछि। किशनगंज, अररिया, सुपौल, पूर्णियां, दरभंगा आओर मधुबनी जिला मे एक दू ठाम ओलावृष्ठि सेहो भऽ सकैत अछि। एम्हर, विभाग जनौलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बीच अधिकतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच गोपालगंज राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। जतऽ अधिकतम तापमान उनचालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक मझौलिया थानाक बखरिया मे शॉट सर्किटक कारण आगि लागि गेला सँ कतेको घर जरि गेल। संगहि, कतेको माल–जाल सेहो झड़कि कऽ मरि गेल।

किशनगंज जिलाक लंबाबस्ती सँ उत्पाद विभागक टीम बेस  मात्रा मे शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।